# IBRAYIM YUSUPOVTÍŃ «DUZLÍ SAMALLAR» SHÍǴARMASÍNDAǴÍ TEŃEW, METAFORA HÁM GIPERBOLANÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Sarsenbaeva F.T.**
*Ájiniyaz atındaǵı NMPIdiń Túrkiy tiller fakulteti qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeliginiń 3-kurs talabası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15643896

***Annotaciya**: Ibrayım Yusupovtıń «Duzlı samallar» kitabındaǵı troplardıń qollanılıwı.*
***Tayanısh sózler**: «Duzlı samallar» kitabı, troplar, teńew, giperbola, metafora A.M.Gorkiy, Gegel h.t.b.*

***Аннотация**: Использование тропов в книге Ибраима Юсупова «Дузлы самаллар».*
***Ключевые слов**: «Дузлы самаллар», тропы, сравнение, гипербола, метафора А.М.Горкий , Гегель и др.*

***Annotation**: The use of the tropes in the book «Duzly Samallar» by Ibrayim Yusupov.*
***Key words:** «Duzly Samallar» the book, the tropes, the equation, the hyperbola, the metaphor of A.M. Gorky, Hegel etc.*

Jazıwda, sóylewde pikirdiń ıqshamlıǵı, kórkemligi hám onıń ótkirligi artıwı ushın tildegi hár qıylı kórkemlew quralları keń qollanıladı.

Talantlı shayır Ibrayım Yusupovtıń birqansha qosıqları bizge tanıs. Onıń «Duzlı samallar» kitabına kirgen qosıqları kewil dúnyamızda misli jipek samallar eskendey, kewillerge mádet bergendey boladı. Bul toplamındaǵı qosıqlarınan kórkemlew quralları hám onıń túrlerine sholıw isleymiz. Predmettiń yamasa qubılıstıń turpatın, kúshin mánisin asırıp, kúsheytip kórsetiwshi sózler giperbola delinedi. Máselen:

Biraq jetpes óz jerińe,
Qansha jaman degende de.
*Beyishtiń tap naq tórine,*
*Kottedj qurıp bergende de.* («Bul jer ele zor boladı», 4-bet)

Alpinisttey asılıp tasqa,
Tamırları tawǵa tırmasıp,
*Boyın sozılıp jaqtı quyashqa,*
*Ósedi sol úmit aǵashı.* ( «Úmit aǵashı», 9-bet)

*Aqıl aspanında nur shashıp quyash,*
Ullı haqıyqatqa jol tabar insan... («Plaxa» izlep...,14-bet)

*Hámeldarlar jutıp beyish hawasın,*
*Bunda dem alıwǵa kóp keler edi.* («Aral elegiyası», 19-bet)

Teńew arqalı predmet yamasa qubılıs óz ara salıstırılıp, olardıń birewi ekinshisine teńlestiriw arqalı anıqlanadı, túsindiriledi. Shayırımız Ibrayım Yusupov

qosıq qatarlarında teńewdi ózgeshe paydalanǵan, yaǵnıy bir ǵana «*jalǵız*» sózin birneshe waqıyaǵa teńep kórsetken:

*Toy tarqaǵan alań yańlı* átirap,
Jaǵısta awıllar *jetim qalǵanday*,
Suwsız balıqshınıń isi patırat,
*Kemesi kóshkisiz ketip qalǵanday*. («Aral elegiyaları», 17-bet)

Sonday-aq:

Kúni keshe ǵana bul ıras edi,
*Endi kórgen tústey, tańǵı dumanday. («Aral elegiyaları», 19-bet)*

Jaratılıs ádil qanday!
Úleserde baylıqların,
*Anań bólip bergen nanday,*
Ala almay bólgen bárin. («Bul jer ele zor boladı», 7-bet)

Bir jerler xosh tábiyatlı,
*Qırǵawıldıń qanatınday*.
Biraq jemisi joq tatlı,
*Ǵulabı, tor nabatımday*. («Bul jer ele zor boladı», 7-bet)

Dep *násiyat berip turǵanday***,**
*Keńeygendey* bolar tar dúnya**.**
*Qaytqan teńiz qayta tolǵanday*
*Tolqıp-tasıp aqqanday* dárya. («Úmit aǵashı», 11-bet)

Bir mármer dacha tur góne jaǵısta,
*Keshki jolawshınıń qıyalı yańlı*.
Altın plyaj edi bul awlaq tusta,
Peruza aspanlı, merwert tańlı. («Aral elegiyaları», 18-bet)

*Byuronıń awzında qustay dizilip,*
Otırǵanıńızdı kórgenmen talay,
Zaman ózgerisi ayqın sezilip,
Tolqıp attı bógetlerdi tıńlamay. («Qayta qurıwdıń balalarına», 24-bet)

*Pıshıqtay epshil hújdan,*
Talap etip basqadan...
Júrsek kerek qátirjam,
Oylap dáwran haqqında. («Hújdan monologı», 31-bet)

Dánsiz ǵumsha bayladıq,
Kóp qaǵaz shıjbayladıq.

*Totı qustay sayradıq,*
Jaqsı-jaman haqqında. («Hújdan monologı», 31-bet)
Jaralı iyesi jalın qarmaǵan,
Bir at sonda qarǵıp Qazaqdáryadan,
*Pársiz oqtay* qańǵıp uslatpay ketti**,**
Ala quyın shawıp elden armaǵan. («Berdaqtıń duwtarı», 67-bet)
*Olar dúrkiresip qara quwlarday,*
Sulıw qádem taslar jayran júriste.
Shıǵar arasınan suwrılıp *talday,*
Qara trikolı dilbar perishte. («Amira azapları», 71-bet)
*Jel úrlegen shamday* sóner de qalar,
El awzında ertek bolǵan sol juldız. («Ómirzaya juldızları», 75-bet)
*Júrek-bawırın nishter tilgendey* boldı,
*Tús kórip atırıp ólgendey* boldı,
Bir topar qız átirapında sıńqıldap,
Bunı *ermek etip kúlgendey* boldı. («Ómirzaya juldızları», 77-bet)

Metafora – *meta*-qaytadan, *fora*-kóshiremen degen mánini ańlatadı. Metafora kórkem shıǵarmada eń ónimli qollanılatuǵın troplardıń biri. Metafora zatlardı bir-birine megzetiwge tiykarlanǵan awıspalı súwretlewdiń túri. Metafora- sózdiń tiykarǵı mánisinen basqa mánide awısıp qollanılıwı. Metaforanıń tiykarında predmetler arasındaǵı uqsaslıq shártliligi turadı. Metaforada bir predmet ataması menen ekinshi bir predmet qayta ataladı hám usı tiykarda sózdiń obrazlılıǵı payda etiledi.

*«Iskusstvo degenimiz obrazlar arqalı pikirlew»* dep jazǵan edi *Gegel*. Kórkem shıǵarmada, qosıq qatarlarında obraz hám obrazlılıq metaforalardıń járdeminde júzege keledi.

Metafora tábiyatı jaǵınan teńewlerge jaqın turadı. Teńewdiń de, metaforanıń da tiykarı da uqsaslıq turadı.

Teńew de, metafora da eki predmetti bir-birine uqsatıw arqalı súwretlew obyektin obrazlı sáwlelendiredi. Metafora teńewdey etip predmetlerdi salıstırmaydı, al uqsatadı, megzetedi. Metaforada bir predmet ekinshi predmet ataması menen qayta ataladı. Máselen:

*Ayırımlar* alaǵada
Bolıp sonday qáwesetke, («Búl jer ele zor boladı», 3-bet)
*Ruwxı túskenlerge* hárdayım
Mádet berer úmit daraǵı. («Úmit aǵashı», 10-bet)
Ǵam kewlim más gezgen gúlistanımnan
*Ǵanım úzgen qırmızı gúl***,** barmısań? («Ájiniyaz librettosı», 114-bet)

**Íǵbalım patshası** taydı taǵınan,
Árman tolı ǵamlı kewil,barmısań,
Bozlap qalǵan Bozatawdıń baǵınan
*Úrkitilgen shayda búlbúl***,** barmısań? («Ájiniyaz librettosı», 114-bet)
Biz jigittiń sárdarı,
Bol sen sáwgili yarım.
*Bozatawdıń dilbarı,*
Sendey gózzal kórmedim. («Ájiniyaz librettosı», 111-bet)
*Bir gúldiń* ıshqında *ah shekken búlbúl,*
*Ózge shámenlerdiń gúlin tanımas.* («Ájiniyaz librettosı», 101-bet)

Solay etip, Ibrayım Yusupovtıń «Duzlı samallar» shıǵarmasındaǵı kórkemlew quralların úyreniw nátiyjesinde tómendegidey juwmaqqa keldik:

1. Shayır qosıqlarında kóbinese tábiyat kórinisin, qızlardıń sulıwlıǵın, gózzallıǵın teńewler arqalı oqıwshıǵa jetkerip bergen.
2. Shayırdıń usı kitapqa kirgizilgen qosıqlarında giperbola siyrek qollanılǵan.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Bekbergenov «Qaraqalpaq tiliniń stilistikası». Nókis, «Qaraqalpaqstan» 1990.
2. А.А.Дорофеева. Что скрывается в тайне метафоры? Вестник Москва.2014.№4
3. Yusupov «Duzlı samallar». Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1988.